
Reyinyon Komite Siveyans Plan Direktè Estratejik Roxbury a

7 desanm 2020



1. RSMPOC

Byenvini ak Oryantasyon


Anrejistreman Reyinyon an

Poutèt manm kominote a mande sa, n ap anrejistre epi poste evènman sa a sou paj wèb Plan Direktè Estratejik Roxbury a sou bit.ly/theRSMPOC pou sa ki paka patisipe nan evènman Zoom nan andirèk.


Epitou, li posib ke patisipan yo ka anrejistre reyinyon an ak kamera telefòn yo oswa ak lòt aparèy. Si w pa ta swete yo anrejistre w pandan reyinyon an, tanpri etenn mikwofòn ou ak kamera w.

Si kamera w ak mikwo w dezaktive, ou ka patisipe kanmèm atravè opsyon tchat avèk tèks la.

Entèpretasyon ak Tradiksyon




“Spanish” -pou panyòl
“German” -pou kreyòl ayisyen
“English” -pou anglè





Gid pou itilize Zoom


Byenvini! La a n ap jwenn kèk konsèy pou moun k ap itilize Zoom pou premye fwa yo. Kòmman ou yo parèt sou pati anba ekran an.




Itilize tchat la pou w tape yon kòmantè oswa poze yon kesyon nenpòt lè – Manm RSMPOC/ BPDA yo ap anime tchat la



Pou w leve men w, klike sou “Participants (Patisipan)” ki parèt sou anba ekran w nan, epi chwazi opsyon “Raise Hand (Leve Men)” nan kazye patisipan an, oswa fè *9 nan telefòn ou



Mete/retire sou silans – N ap mete patisipan yo sou silans pandan prezantasyon an – animatè a ap retire w sou silans pandan diskisyon an si w leve men w epi se tou pa w pou pale Pou mete/retire sou silans sou telefòn ou, fè *6.



Aktive/dezaktive fonskyon videyo ou a

Pwotokòl Zoom

Nou vle asire nou ke konvèsasyon sa a se yon eksperyans ki enteresan pou tout patisipan yo.

- Tanpri, rete ansilans pandan apèl la. Si w ta renmen pale pandan tan sa a, tanpri, itilize fonksyon “Raise Hand (*Leve Men*)” ki nan Zoom nan konsa yon moderatè BPDA ap ka retire patisipan yo sou silans.
- Tanpri respekte tan ke yo bay nou chak la.
- Nap mande patisipan yo pou yo limite kesyon yo konsa lòt moun yo ap ka patisipe nan diskisyon an. Si w gen plis kesyon, tanpri tann jiskaske tout lòt patisipan yo jwenn opòtinote pou yo poze kesyon.
- Si w pa rive jwenn kesyon w nan nan reyinyon sa a, tanpri mete yo nan Tchat ki nan fen an oswa voye yon email bay Kelly.sherman@boston.gov

Pwogramasyon

- 1. Byenvini RSMPOC**
- 2. Mizajou Planifikasyon an**
- 3. Rekòmandasyon Nominasyon PRC pou Pasèl Blair
ak Nawn Factory**
- 4. Kesyon RSMPOC ak Piblik la**
- 5. Vòt RSMPOC**

Prezantasyon ak Mizajou RSMPOC

Premye lendi mwa a

7 desanm 2020

11 janvye 2021

3 fevriye 2021

1ye mas 2021

5 avril 2021

3 me 2021

7 jen 2021

5 jiyè 2021

****Pa gen Reyinyon nan Mwa Out****

13 septanm 2021

4 oktòb 2021

1ye novanm 2021

****Pa gen Reyinyon nan Mwa Desanm****

Responsabilite RSMPOC

- Komite Siveyans Plan Direktè Estratejik Roxbury a (RSMPOC) te kreye nan lane 2004 apre Plan Direktè Estratejik Roxbury (RSMP) a.
- RSMPOC a reprezante katye Roxbury a yon fason laj epi li konpoze ak Mè ki Nome yo, moun ke fonksyonè ki pase nan eleksyon nome, asosiyasyon katye ak òganizasyon kominotè.
- RSMPOC a sipèvize aplikasyon Plan Direktè Estratejik Roxbury a ak PLAN an: Nubian Square.

Enskri. Angaje. Fè Aksyon.

- **Enskri:** Enskri nan Komite Siveyans Plan Direktè Estratejik Roxbury a ak/oswa yon Komite Analiz Pwojè (PRC).
- **Angaje:** Patisipe nan reyinyon piblik. Poze kesyon. Envite vwazen, gwoup ak òganizasyon sivik Roxbury, antrepriz, moun nan zòn nan oswa lòt manm afilye kominote a nan reyinyon piblik.
- **Fè Aksyon:** Analize epi fè kòmantè sou pwojè yo, devlopman yo ak inisyativ planifikasyon an.


Pou plis enfòmasyon sou reyinyon ki gen pou fèt yo, pwojè devlopman yo ak fason pou enplike, ale sou bit.ly/theRSMPOC

Objektif Plan Direktè Orijinal 2004 yo

- Amelyore **lavi sivik ak kiltirèl** nan katye a
- Fè pwomosyon **kwansans divèsifye epi dirab** avèk travay pou rezidan lokal yo
- Asire **transpò piblik** ak **prive ki sekirize epi pratik**
- Agrandi epi amelyore **lojman pou yon varyete** gwoup sosyo-ekonomik ak laj
- Kreye yon **domèn piblik ki konfòtab, vivan epi sekirize** ki reflekte divèsite **rezidan lokal yo**
- Amelyore **patisipasyon** ak **otonomizasyon kominote a** gras ak ogmantasyon responsabilizasyon gouvènman an ak enstitisyon yo epi antrepriz yo

2. Mizajou Planifikasyon an

PLAN: Pwosesis Nubian Square Jiska Jodi a



PLAN: Mizajou Nubian Square yo

- **16/11/2020** Konvèsasyon Vityèl avèk yon Planifikatè
- **11/01/2021** Reyinyon RSMPOC: RFP Pasèl Crescent (<https://bit.ly/3gtdlhx>)
- **Byento** Piblikasyon Tiliv P3 a

**3. PLAN: Rekòmandasyon
Nominasyon Komite Analiz Pwojè
Nubian Square: Lotisman Blair ak
Faktori Nawn**

Pwosesis RFP

- PLAN: Pwosesis RFP Nubian nan te lanse nan lane 2016 pou gide pwosesis RFP a pou 10 pwopriyete piblik.
- Angajman kominotè sa a ki gen twa lane depi l ap kontinye te konpoze ak atelye piblik, vizit apye, rasanbleman ak reyinyon kominotè pou pataje enfòmasyon, etabli yon vizyon pou lavni epi solisite kòmantè kominote a.
- Objektif Devlopman RFP ki te soti yo te baze sou bezwen kominote a, ki gen ladan l lojman moun yo ka peye, devlopman ekonomik, devlopman san deplasman, bon estanda travay, divèsite ak enklizyon, dirabilite ak avantaj kominotè adisyonèl.

Pwosesis RFP

- Nan yon pwosesis piblik ki repete, BPDA te fè twa reyinyon kominotè nan dat 20 me, 17 jen ak 22 jiyè 2019 pou devlope RFP yo pou Pasèl Blair ak Nawn Factory.
- Pou chak reyinyon, bwouyon RFP yo te pibliye sou entènèt epi patisipan yo te gen yon chans pou yo diskite kontni an epi eksprime chanjman yo te vle wè yo. Yo te modifye RFP yo pou reflete kòmantè kominote a epi pataje yo nan pwochen reyinyon an.
- Yo te emèt RFP yo nan dat 20 novanm 2019 epi yo te soumèt repons yo nan dat 19 fevriye 2020

Manm Komite Analiz Pwojè a

Manm RSMPOC yo:

- Dorothea Jones
- Steven Godfrey
- Catherine Hardaway
- Marisa Luse
- Nefertiti Lawrence

Rezidan Lokal ak Pwopriyetè Antrepriz:

- Armani White, Reclaim Roxbury
- Angela Williams Mitchell, Boston Jobs Coalition
- Lynnette Tyler, ke Reprezantan Eta a, Chynah Tyler te nome
- Cheryl Straughter, pwopriyetè Soleil
- Charlotte Rice, The American City Coalition

Pwosesis PRC

- PRC a te reyini premye fwa nan mwa mas 2020. Sepandan, nou te fè yon poz sou pwosesis PRC a nan mitan mwa mas la pou reponn ak pandemi COVID-19 la.
- Nan mwa jiyè 2020 an, PRC a te rekòmanse deliberasyon yo epi yo te reyini chak de (2) semèn jiska mwa novanm 2020 an pou yon total 11 reyinyon.
- Anplis analiz pwopozisyon yo parapò ak kritè evaliyasyon yo, PRC a te entèwoje ekip devlopè yo plizyè fwa, òganize prezantasyon piblik pwopozisyon yo epi analize kòmantè piblik yo.

Rekòmandasyon pou Pasèl Blair

BPDA a te resevwa de (2) pwopozisyon pou RFP Pasèl Blair la:

- Nubian Square Ascends
- ID8 (te soti nan pwosesis la epi li pat konsidere nan PRC a)

PRC a te rekòmande yon fason inanim **Nubian Square Ascends.**



Rekòmandasyon pou Pasèl Blair

Pwopozisyon Nubian Square Ascends la te abòde objektif devlopman kle yo:

- **Konsèp Devlopman an:** Yon melanj itilizasyon ki fèt pou transfòme Nubian Square pou l tounen yon destinasyon lajounen ak nan nwit, ki gen ladan l espas komèsyal, yon mache pou detayan lokal yo, yon sal kiltirèl ak yon teyat, 15 inite lojman-travay pou atis ak yon garaj ki gen 340 plas pakin.
- **Eksperyans Ekip Devlopman an:** Se yon patenarya Richard Taylor, Kai ak Chris Grant ki nan Black Market la ak Mario San Jacinto ki nan Almiranta Capital LLC a ki dirije Nubian Ascends Partners LLC. Ekip devlopman an gen ladan l tou Stantec ak DREAM Collaborative, Consigli Construction, UHM Properties pou operasyon yo ak Newark Grubb Knight Frank kòm koutye pou espas lokasyon komèsyal yo.
- **Bon Estanda Travay:** Pwopozisyon an gen ladan l angajman pou Bon Estanda Travay ki endike nan RFP a, ansanm ak estanda pou pran moun travay nan konstriksyon ki nan Politik Travay Rezidan Boston an.
- **Divèsite ak Enklizyon:** Nubian Ascends LLC pwopoze yon plan Divèsite ak Enklizyon ki reflechi epi ki konplè, avèk patnè MWBE yo nan tout aspè pwopozisyon an.

Rekòmandasyon pou Pasèl Blair

PRC a te idantifye tou kèk preyokipasyon nan pwopozisyon an:

- **Kapasite Finansye:** Pwopozisyon an depannde kapasite devlopè a pou l idantifye yon lokatè prensipal pou l lwe espas komèsyal klas A a. Yon kredi lwaye 60% ap obligatwa pou resevwa finansman konstriksyon. Ekip devlopman an gen konfyans ke lokatè ki nan espas medikal oswa laboratwa yo ap kontan opòtinite pou fè yon investisman nan Nubian Square. Jiskaprezan, nou pa konnen.
- **Avantaj Kominotè yo:** Avantaj kominotè PRC ki nan pwopozisyon an pa byen idantifye kantite lajan avantaj ki pwopoze yo vo oswa kantite moun k ap jwenn sèvis yo. Avantaj ki pwopoze yo gen ladan yo lajan pou kont epay jèn moun, O’Gourdin Park ak Distri Kiltirèl Roxbury a epi espas komèsyal sibvansyone pou antrepriz lokal.

Aprè evaliyasyon fezabilite finansye pwopozisyon an, PRC a te detèmine ke risk ki asosye ak pwojè a vo lapèn pou yo pran l pou al chèche potansyèl transfòmasyon pwojè a.



Rekòmandasyon pou Nawn Factory

DND te resevwa de (2) pwopozisyon pou RFP Nawn Factory a:

- Art @ the Nawn Factory
- Historic Boston Incorporated, nan patenarya ak The Wellness Collaborative

Yon majorite nan PRC a rekòmande **Art @ the Nawn Factory**.

- Senk manm te vote pou Art @ the Nawn Factory
- Twa manm te vote pou Historic Boston Inc.-The Wellness Collaborative.
- Gen de manm ki pat la epi ki pat vote.



Rekòmandasyon pou Nawn Factory

Toude pwopozisyon yo te abòde plizyè objektif kominotè kle nan RFP a:

Art @ the Nawn Factory

- **Konsèp Devlopman an:** Pwopozisyon pwogram pou estidyo dans ak espas kiltirèl pou satisfè bezwen pou la lokal ak pwogramasyon kiltirèl. Pwopozisyon an gen ladan l sèt espas estidyo.
- **Konsèp Dizay:** Dizay ak amenajman peyizaj dinamik epi ki gen yon valè kiltirèl, ki gen ladan l yon penti nan mi pou mi deyò a ak yon zòn obsèvasyon sou yon galri sou anlè ki raple ansyen wout ray sou anlè yo.
- **Divèsite ak Enklizyon:** Se moun Nwa k ap posede epi eksplwate devlopman an.

Historic Boston Inc./The Wellness Collaborative

- **Konsèp Devlopman an:** Pwogramasyon sante ak byennèt ki pwopoze a t ap founi sèvis ki nesesè anpil. Resous pou mize/kiltirèl ki nesesè yo byen entegre nan pwogram global la.
- **Divèsite ak Enklizyon:** Pwopriyetè ak eksplwatatè evantyèl devlopman an t ap yon MWBE epi gen plizyè lòt MWBE nan ekip devlopman an.
- **Eksperyans Ekip Devlopman an:** Historic Boston Inc. gen anpil eksperyans nan modèl antrepriz pou renove pwopriyete istorik epi transfere dwa pwopriyete yo bay antite lokal.

Rekòmandasyon pou Nawn Factory

Manm PRC a te idantifye preyokipasyon tou nan toude pwopozisyon yo:

Art @ the Nawn Factory

- **Eksperyans Ekip Devlopman an:** Devlopè a te mennen yon achitèk ak lòt manm ekip la ki gen eksperyans ak ekspètiz nan devlopman pwopriyete istorik. Sepandan, devlopè a li menm pat demontre yon istorik nan devlopman ki similè.
- **Konsèp Devlopman an:** Pwopozisyon an pa byen abòde nesesite pou mete yon resous pou mize/kiltirèl. Gen yon espas galri ouvri ki ladan l, men pa gen pwogramasyon ki pwopoze ni okenn amelyorasyon dirab pou Roxbury Heritage State Park.
- **Fezabilite Depans Devlopman ak Eksplwatasyon yo/Kapasite Finansye:** Gen yon preyokipasyon ke bidjè devlopman an pa reyalis. Jonathan Smalls gen entansyon pran yon prè SBA \$5 milyon dola epi li gen yon lèt enterè Blue Hub Capital ba li.

Historic Boston Inc./The Wellness Collaborative

- **Eksperyans Ekip Devlopman an:** Gen kèk manm PRC a ki te ekspriye preyokipasyon sou kondisyon patenarya ant Historic Boston Inc. ak The Wellness Collaborative.
- **Konsèp Devlopman an:** Gen kèk manm PRC a ki te ekspriye preyokipasyon ke pwopozisyon an pat abòde direktiv devlopman sou Distri Kiltirèl Roxbury a.

Pwochen Etap yo

PRC a fini premye faz travay li a, men pwosesis kominotè a kontinye apati la a.

- Vòt RSMPOC aswè a
- Nominasyon Pwovizwa nan BPDA/Komisyon Etablisman Piblik
- Pwosesis atik 80, Mass Historic ak lòt apwobasyon ak pèmi
- Demann sibvansyon piblik
- Komite Siveyans Plan Direktè Estratejik Roxbury a ap kontinye siveye chak pwojè nan kontèks pi laj katye a.
- PRC a pral fè yon tranzisyon nan yon nouvo wòl kòm Gwoup Konsiltatif Enpak epi travay sere ak pèsonèl Vil la nan asire yon kontra kolaborasyon sou avantaj piblik yo, bidjè yo ak kalandriye yo.

4. Kesyon ak Kòmantè

5. Vòt RSMPOC

Vòt RSMPOC

- **Se sèlman manm RSMPOC yo ki dwe leve men yo yon fason vityèl**
- Kelly pral konfime vòt chak manm RSMPOC yo yon fason vèbal epi l ap konte vòt yo